

PWOTEJE TÈT OU KONT GRIP ZWAZO H5N1

ANVIWÒNMAN GWO EKSPOZISYON

Mete ekipman pwoteksyon pèsònèl sou ou san danje nan sal pou tire lèt yo

Sa pou w konnen anvan w mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE)

- Pale avèk sipèvizè w pou konnen si sa aplike pou ou
- Kite rad ak atik pèsònèl pwòp, manje, ak bwason nan zòn ki pwòp yo patwon w bay la
- Respekte machaswiv patwon w bay pou antre ak pou kite chantye travay la
- Itilize zòn separe deziyen yo pou mete PPE pwòp ak pou retire PPE sal
- Lave men w pandan 20 segonn avèk savon ak dlo oswa, si yo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl

Aprè w fin lave men w, mete PPE sou ou nan yon zòn pwòp nan lòd sa a:

1. Gan pou jete apre itilizasyon



2. Kouvèti bòt oswa bòt



3. Tabliye a manch ki rezistan ak likid



4. Respiratè patikil NIOSH Approved®




5. Linèt sekirite



6. Kouvèti tèt oswa kouvèti cheve



7. Pwotèj figi, si sa nesesè



8. Kas di, si sa nesesè



9. Gan travay ekstèn, si sa nesesè



Retire PPE a anvan w antre nan nenpòt zòn pwòp tankou twalèt, sal poz, ak nan zòn administratif yo

